***Avi konsènan Pratik Konfidansyalite Enfòmasyon Prive:*** **Dat Avi a Anvigè: 26 Mas 2013 Dat Revizyon: 2 Septanm 2019**

AVI SA A DEKRI FASON NOU KA ITILIZE AK DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL KI KONSÈNE OU AK FASON OU KAPAB JWENN ENFÒMASYON SA YO. TANPRI LI AVI A AVÈK ANPIL ATANSYON.

Avi sa a ki konsène Pratik Konfidansyalite Enfòmasyon Prive dekri pratik konfidansyalite: Operasyon Walmart Health & Wellness, operasyon Sam's Club Health & Wellness, ak pratik swen sante ak pwofesyonèl swen sante patnè yo ki nan Walmart Health, ansanm avèk swen medikal, swen dan, optometri ak pratik sante konpòtmantal Walmart Health,, ki te fòme yon aranjman òganize pou swen sante epi k ap patisipe ladan. Avi sa a aplike pou tout sant medikal ak sant livrezon sèvis pwofesyonèl swen sante yo, tankou lokal Walmart and Sam's Club kote klinik Sante Walmart ak pwofesyonèl swen sante patnè yo opere, ak Walmart or famasi Sam's Club , sant pou swen zye, sant optik ak klinik. Nou rekonèt enfòmasyon medikal ou swe enfòmasyon ki pèsonèl epi nou pran angajman pou pwoteje yo. Dapre lalwa, nou gen obligasyon pou kenbe konfidansyalite enfòmasyon pwoteje sou sante ou (protected health information, "PHI"), pou ba ou Avi sa a konsènan responsablite legal nou ak pratik konfidansyalite konsènan PHI ou, epi pou rapòte ba ou nen vyolasyon sekirite ki gen pou wè avèk PHI ki pa pwoteje ou. Nou dwe swiv kondisyon ki nan Avi sa a.

**Itilizasyon ak Divilgasyon Nou Pa Bezwen Otorizasyon Ou**: **1. Pou Tretman.** Nou ka itilize PHI ou pou objektif tretman tankou pou ba ou sèvis preskripsyon epi pou ba ou sèvis jesyon terapi medikaman. Nou ka divilge PHI ou ba doktè, pwofesyonèl swen sante k ap trete ou, famasi oswa pwofesyonèl swen optik ki patisipe nan swen oswa tretman sante ou. **2. Pou Peman.** Nou ka itilize ak divilge PHI ou yon fason pou nou ak lòt sant medikal ki kouvri yo kapab ba ou bòdwo epi resevwa peman nan men ou, nan konpayi asirans ou oswa yon moun endepandan. Sa ka gen ladan tcheke kalifikasyon asirans avèk Medicaid leta, Medicare, oswa lòt plan sante, kondisyon enskripsyon, epi bay PHI ou pou sant medikal ki ede nou prezante bòdwo yo epi resevwa kantite lajan pasyan yo dwe nou. **3. Pou Operasyon Swen Sante.** Nou ka itilize ak divilge PHI ou pou operasyon nou yo nan swen sante ak operasyon lòt sant medikal ki kouvri yo kote ou gen oswa te gen relasyon. Operasyon yo nan swen sante ka gen ladan aktivite ki nesesè pou bay sèvis swen sante epi pou asire ou resevwa bon kalite sèvis kliyan. **4. Pou Operasyon Angwoup nan Swen Sante.** Chak pwofesyonèl swen sante sant medikal ki kouvri ki patisipe nan aranjman òganize nou pou swen sante (ki dekri anwo a)ka divilge PHI ou ba chak lòt pwofesyonèl swen sante pou fè operasyon swen sante ki asosye avèk aranjman òganize pou swen sante a. Nan yon fason espesyal, klinik Walmart Health ak pwofesyonèl swen sante patnè yo ka divilge PHI ou youn ba lòt, epi ba Walmart oswa Sam's Club Health &Welness, pou objektif sa a. **5. Pou Kominike avèk Ou konsènan Pwodui ak Sèvis ki Asosye avèk Sante.** Nou ka itilize oswa divilge PHI ou pou kominike avèk ou konsènan swen sante ou ak lòt zafè asosye. Pa egzanp, nou ka itilize oswa divilge PHI ou pou fè ou sonje randevou. Pou fè ou konnen swen sante prevantif ki disponib, pou ba ou sèvis jesyon terapi medikaman, oswa pou fè ou konnen lòt kalite tretman oswa anviwònman swen sante. **6. Moun ki Patisipe nan Ba Ou Swen Sante oswa nan Peman pou Swen Sante Ou.** Nou ka divilge PHI ou ba yon manm fanmi ou lòt mou n pa ou, zanmi ou, oswa lòt ou idantifye, ki patisipe nan swen medikal ou oswa nan peman pou swen medikal ou, depi ou dakò avèk divilgasyon sa a, ou te gen yon okazyon pou pa dakò epi ou pa t fè sa, oswa nou detèmine dapre sikonstans yo nan jijman pwofesyonèl nou divilgasyon an apwopriye pou nou fè. **7. Dapre Egzijans Lalwa.** N ap divilge PHI ou lè lwa federal, lwa leta oswa lwa lokal egzije pou nou fè sa. **8. Pou Detounen Yon Menas Grav pou Sante oswa Sekirite.** Ou ka itilize oswa divilge PHI ou lè li nesesè pou evite oswa diminye yon menas grav pou nenpòt moun oswa piblik la. **9. Pou Aktivite Sipèvizyon Sante.** Nou ka divilge PHI ou ba yon ajans sipèvizyon sante pou aktivite lalwa otorize tankou verifikasyon, enspeksyon ak livrezon lisans oswa lòt aktivite ki nesesè pou sipèvizyon sistèm swen sante a, pwogram avantaj yo, ak dwa sivil. **10. Pou Sante ak Sekirite Piblik.** Nou ka divilge PHI ou ba otorite gouvènman pou aktivite sante ak sekirite piblik tankou pou evite oswa kontwole maladi, chòk, , oswa andikap, rapòtaj abi, neglijans oswa vyolans nan kay, epi rapòtaj rapèl oswa reyaksyon negatif nan medikaman. **11. Pou Pwosè Ak Konfli.** Nou ka divilge PHI ou pou reponn yon lòd tribinal oswa yon lòd administratif, yon asiyasyon pou prezante nan tribinal, demann dekouvèt, oswa lòt pwosesis legal si nou te fè efò pou fè ou konnen demann lan oswa pou jwenn yon lòd pwoteksyon. **12. Lapolis.** Nou ka divilge PHI ou ba yon ofisyèl lapolis pou sèten objektif aplikasyon lalwa, tankou pou rapòte krim moun fè nan lokal nou oswa pou bay repons pou demann lejitim lapolis. **13. Fonksyon Espesyalize Gouvènman.** Nou ka divilge PHI ou: (1) si ou se yon manm fòs lame, jan otorite kòmannman militè yo egzije sa;(2) si ou se yon prizonye oswa si ou an gadavi, nan yon enstitisyon koreksyonèl, oswa ofisyèl lapolis;(3) pou reponn yon demann lapolis fè, anba sèten kondisyon; (4) pou sekirite nasyonal avèk otorizasyon lalwa;(5) ba ofisyèl federal yo pou pwoteje Prezidan an. **14. Pou Konpansasyon Travayè.** Nou ka divilge PHI ou pou pwogram konpansasyon travayè oswa pou pwogram ki sanble. **15. Pou Don Ògàn ak Tisi.** Nou ka divilge PHI ou ba òganizasyon ki resevwa ògàn oswa òganizasyon sanblab pou objektif don oswa grèf. **16. Pou Doktè Lejis ak Direktè Ponp Finèb.** Nou ka divilge PHI ou ba yon direktè ponp finèb, doktè lejis, oswa egzaminatè medikal yon fason ki konsistan avèk lwa ki anvigè pou pèmèt yo fè travay yo. **17. Pou Reprezantan Pèsonèl.** Nou ka divilge PHI ou ba yon moun ki gen otorizasyon legal pou pran desizyon sou non ou, tankou yon paran, responsab legal, , oswa administratè oswa egzekitè eta kote w ap viv la. **18. Pou Prèv Vaksinasyon.** nou ka bay prèv vaksinasyon pou yon lekòl konsènan yon elèv oswa yon fiti elèv, jan lalwa egzije sa, si paran/responsab legal, minè emansipe, oswa lòt moun otorize bay otorizasyon an jan sa anvigè.

**Itilizasyon ak Divilgasyon Ki Pa Bezwen Otorizasyon Ou:** **1. Lavant PHI.** Nou p ap itilize oswa divilge PHI ou pou nou resevwa reminerasyon dirèk oswa endirèk sof si ou ban nou otorizasyon pou fè sa, oswa jan HIPAA pèmèt sa. **2. Nòt Sikoterapi.** Sof nan sikonstans ki limite, nou pa ka itilize oswa divilge nòt yon pwofesyonèl sante mantal anrejistre ki montre konvèsasyon ou pandan yon sesyon pou resevwa konsèy san nou pa jwenn otorizasyon ou. **3. Maketing.** Avèk otorizasyon ou, nou ka itilize oswa divilge PHI ou pou objektif maketing. **4. Objektif Rechèch.** Nou ka itilize oswa divilge PHI ou pou objektif rechèch avèk otorizasyon ou, oswa san otorizasyon ou nan sikonstans limite tankou yon renonsyasyon komite revizyon enstitisyonèl. Sof jan sa dekri nan Avi sa a, nou p ap itilize oswa divilge PHI ou san otorizasyon ou. Ou ka anile otorizasyon ou alekri nenpòt lè, sa k ap fè nou sispann lòt itilizasyon oswa divilgasyon ki garanti avèk otorizasyon ou, sof lè nou te aji deja avèk pèmisyon ou. Nou dwe swiv nenpòt lwa ki pi sevè pase HIPAA.

**Ou gen dwa ki endike anba la yo anrapò avèk PHI ou**: 1. Ou ka mande pou gen restriksyon sou itilizasyon oswa divilgasyon PHI ou pou tretman, peman oswa operasyon swen sante, oswa ou ka mande pou gen restriksyon sou divilgasyon PHI ou ba yon moun ki patisipe nan swen sante ou oswa nan peman pou swen sante ou, tankou yon manm fanmi ou oswa yon zanmi ou. Nou pa gen obligasyon pou dakò. Si nou dakò, n ap satisfè demann ou sof nan sèten sitiyasyon ijans oswa jan lalwa egzije sa. 2. Ou ka mande pou gen restriksyon sou sèten divilgasyon PHI ou ba plan sante ou pou objektif pou fè peman oswa pou operasyon swen sante konsènan sèvis ki peye okonplè (avèk lajan pòch ou). 3. Ou ka enspekte epi resevwa yon kopi sou papye oswa yon kopi elektwonik dosye medikal ou, si li fasil pou nou prepare li. Anjeneral, sa gen ladan dosye preskripsyon ak dosye faktirasyon. N ou ka mande ou pou peye frè rezonab pou nou reponn demann ou. Nou ka bay refi pou demann ou. Nan yon ka konsa, ou ka mande pou gen yon revizyon refi a. 4. Ou ka mande pou nou modifye sèten PHI ou si li pa kòrèk oswa pa okonplè. Ou dwe bay yon rezon pou sipòte demann ou. Nou ka bay refi pou demann ou si PHI a egzat ak okonplè oswa si li pa yon pati nan PHI ou ki konsève nan klinik pwofesyonèl swen sante ki konsène a nan aranjman òganize nou pou swen sante. Si nou bay refi pou demann ou, ou gen dwa pou prezante yon deklarasyon dezakò poutèt sa. Demann ou fè ap vin yon pati nan dosye medikal ou, epi n ap mete li ladan lè nou fè yon divilgasyon enfòmasyon oswa deklarasyon nou kwè ki pa okonplè oswa ki pa kòrèk. 5. Ou ka mande pou nou ba ou yon kontrandi divilgasyon nou fè sou PHI ou. Kontrandi sa a se yon lis divilgasyon nou fè nan PHI ou, ki pa tretman, peman oswa operasyon swen sante ak lòt eksepsyon lalwa bay pèmisyon. Demann ou dwe endike yon peryòd tan ki ka pa depase sizan anvan dat demann lan. 6. Ou ka mande pou nou kontakte ou nan yon sèten fason oswa nan yon sèten adrès. Pa egzanp, ou ka mande pou nou kontakte ou sèlman nan travay ou oswa nan yon adrès diferan oswa nan yon bwat postal. Demann alekri ou dwe endike fason oswa kote ou vle pou nou kontakte ou. N ap satisfè demann rezonab yo. Si ou ta renmen egzèse nenpòt nan dwa sa yo, kontakte lokal Walmart oswa Sam's Club ki te ba ou sèvis yo pou jwenn fòm apwopriye a, oswa prezante yon demann alekri nan HIPAA Compliance, Walmart Inc., 2608 SE J Street, Mailstop 0230, Bentonville, AR. 72716-0230. Ou ka jwenn yon kopi Avi sa a sou papye nan Walmart oswa Sam'sClub ou oswa sou sitwèb: https://corporate.walmart.com/privacy-security/notices/.

**Chanjman nan Avi sa a sou Pratik Konfidansyalite Enfòmasyon Prive**: Nou gen dwa pou chanje avi sa a epi pou mete avi ki revize oswa chanje a anvigè pou PHI ou nou konsève deja oswa sa n ap resevwa pidevan. N ap afiche yon kopi dènye Avi a. Si nou chanje Avi nou, ou ka resevwa yon kopi Avi ki revize a depi ou fè demann lan oswa depi ou ale sou sitwèb: https://corporate.walmart.com/privacy-security/notices/.

**Pou Jwenn Plis Enfòmasyon oswa pou Rapòte yon Pwoblèm**: Si ou gen kesyon konsènan Avi sa a, kontakte HIPAA Compliance, Walmart Inc., 2608 SE J Street, Mailstop 0230, Bentonville, AR. 72716-0230 oswa nan nimewo (800) WAL-MART. Si ou kwè nou vyole dwa ou pou konfidansyalite enfòmasyon prive, ou ka depoze yon plent alekri, epi p ap gen vanjans kont ou poutèt sa, avèk Fonksyonè Konfòmite HIPAA nan adrès ki endike anwo a, oswa avèk Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal, Biwo pou Dwa Sivil.

***Deklarasyon Dwa Pasyan:*** Responsablite Pwofesyonèl Swen Sante a: 1. Pou ou resevwa tout enfòmasyon davans sou swen sante/sèvis ou pral resevwa, tankou disiplin ki bay swen sante ak kantite vizit yo, ak nenpòt modifikasyon nan plan sante a; 2. Patisipe nan devlopman ak revizyon peryodik plan swen sante ou; 3. Refize swen sante oswa tretman apre yo fè ou konnen tout konsekans k ap genyen pou refi ou; 4. Pou ou resevwa enfòmasyon aloral ak alekri, davans sou swen sante y ap ba ou a, sou frè pou peye, tankou peman pou swen sante/sèvis yo espere jwenn nan klinik endepandan ak nenpòt kliyan an/pasyan pral responsab pou peye; 5. Pou yo trete pwopriyete yon moun ak moun nan avèk respè, konsiderasyon ak rekonesans diyite kliyan an/pasyan an ak pèsonalite li; 6. Pou yo kapab idantifye manm pèsonèl vizit avèk idantifikasyon kòrèk;7. Pou pa viktim nan move tretman, neglijans,, oswa abi vèbal, mantal, seksyèl ak fizik, tankou chòk ou pran nan sous enkoni, ak detounman pwopriyete kliyan an /pasyan an;8. Fè konnen doleyans/plent ki konsène tretman an oswa swen sante a, mank respè pou pwopriyete oswa rekòmande chanjman nan règleman an, manm pèsonèl oswa swen sante/sèvis san restriksyon, deranjman, presyon diskriminasyon oswa vanjans; 9. Gen doleyans/plent ki konsène tretman an oswa swen sante a yo ba ou a (oswa yo pa ba ou) oswa mank respè pou pwopriyete yo mennen ankèt la; 10. Chwazi yon pwofesyonèl swen sante, tankou pou chwazi yon doktè pou swiv; 11. Konfidansyalite ak pwoteksyon tout enfòmasyon ki nan dosye kliyan an /pasyan an ak Enfòmasyon Pwoteje sou Sante; 12. Pou yo fè ou konnen règleman ak pwosedi ki konsène divilgasyon dosye medikal; 13. Resevwa swen sante kòmsadwa san diskriminasyon annakò avèk rekòmandasyon doktè a oswa pwofesyonèl swen sante a; 14. Resevwa enfòmasyon sou nenpòt avantaj finansye lè ou jwenn referans pou ale nan yon òganizasyon; 15. Resevwa tout enfòmasyon sou responsablite ou yo; 16. Resevwa enfòmasyon sou enpòtans sèvis òganizasyon an pral bay yo ak sou sèten limit sèvis yo. Responsablite Pasyan an: 1. Pou bay enfòmasyon ki konplè ak egzat konsènan sante ou nan moman an , medikaman w ap pran nan moman an , alèji ou genyen, elatriye, lè li apwopriye pou resevwa swen sante/ sèvis; 2. Pou patisipe, jan li nesesè ak jan ou kapab, nan devlopman, egzekisyon ak modifikasyon plan sèvis swen sante lakay ou, tankou netwayaj ak estokaj ekipman ou ak materyèl ou yo kòraèkteman;3. Netwaye ak antreteni ekipman ak materyèl ou yo kòrèkteman;4. Pou kontakte nou pou kesyon oswa pwoblèm ki konsène ekipman ou materyèl pou yo oswa sèvis ou;5. Pou fè doktè oswa pwofesyonèl swen sante k ap pran swen ou konnen lè ou santi ou malad;6. Pou fè nou konnen anvan ou chanje adrès kay ou oswa nimewo telefòn ou;7. Pou fè nou konnen lè ou jwenn nenpòt pwoblèm avèk ekipman ou oswa sèvis la;8. Pou fè nou konnen si doktè ou oswa lòt pwofesyonèl swen sante ou modifye oswa sispann preskripsyon ou; 9. Pou fè nou konnen refi ak/oswa restriksyon règleman nou sou konfidansyalite enfòmasyon prive.

**Enkyetid Kliyan: Ou Ka Kontakte Nou nan Nimewo (800) WAL-MART.** Nan senk jou apre nou resevwa yon plent, n ap kontakte ou nan telefòn, imèl, , faks oswa lèt ki endike nou te resevwa plent ou. Nan 14 jou almannak, n ap bay yon notifikasyon alekri sou rezilta demann ak rezolisyon ou. Ou ka rele nimewo (800) WAL-MART si ou gen yon enkyetid konsènan fwod ak abi oswa nenpòt tretman oswa sèvis ou resevwa nan òganizasyon nou an oswa ou ka kontakte Komisyon Akreditasyon pou Swen Sante(Accreditation Commission for Health Care, ACHC) nan nimewo (919)785-1214 oswa (855) 937-2242 si plent ou pa rezoud. Ou kapab rele Biwo Enspektè Jeneral la tou nan nimewo nimewo (800) 447-8477.

**Prensip pou Founisè DMEPOS Medicare:** Pwodui ak/oswa sèvis nou ba ou nan Wal-Mart Stores, Inc. dwe an konfòmite avèk prensip pou founisè ki endike na règleman federal yo epi ki parèt nan 42 Kòd Seksyon 424.57(c) Règleman Federal yo. Prensip sa yo konsène afè pwofesyonèl ak operasyonèl nan biznis (egzanp, lè y ap onore garanti yo ak orè operasyon). Ou kapab jwenn tèks la

okonplè sou prensip sa yo sou sitwèb www.ecfr.gov. Si ou fè demann lan, n ap ba ou yon kopi prensip yo alekri.

**Enfòmasyon sou Garanti:** Chak pwodui konpayi nou an vann oswa lwe gen yon garanti manifakti a pou yon ane. N ap fè tout moun ki nan Medicare konnen pwoteksyon garanti a, n ap satisfè tout garanti yo anba lwa ki anvigè, n ap repare oswa ranplase gratis ekipman ki pwoteje avèk Medicare anba garanti. Answit, n ap bay manyèl itilizasyon ki gen enfòmasyon sou garanti a pou tout ekipman medikal dirab lè manyèl sa a disponib.